

RELEASE IN FULL

**KOMINIKE AN TÈT-ANSANM
GOUVÈNMAN AYITI AK GOUVÈNMAN ETAZINI
SA FÈT NAN PÒTOPRENS, AYITI
17 JANVYE 2010**

Prezidan ayisyen an, René Préval, ak Sekretè Deta ameriken an, Hillary Rodham Clinton, te rankontre nan Pòtoprens apre gwo tranblemandtè ki te pase nan dat 12 janvyè 2010 la, ak konsekans trajik sa genyen an, e yo mete tèt yo ansanm pou yo pibliye mesaj sa a:

Lè nou rekonèt:

Istwa zanmitay ki egziste ant pèp ayisyen an ak pèp ameriken an depi byen lontan deja, epi respè yo chak genyen pou lòt e pou souverènte yo;

gwo soufrans pèp ayisyen an, san bliye gwo kantite moun ki pèdi lavi yo, blese moun sibi toupatou ak gwo dega biwo leta yo ak pwopriyete prive yo sibi;

bezwen ijan pou gen yon repons rapid pou demann gouvènman Ayiti a fè, plis enpòtans kapital efò kap fèt pou tabli sèvis sovtaaj, sekou, rechèch, ak efò pou rekonstriksyon ki dwe dewoule an tout sekirite, rapidman e efikasman;

gwo defi san parèy ki devan gouvènman ayisyen an jounen jodiya; epi

konvèsasyon Prezidan Obama ak Prezidan Préval te genyen nan dat 15 janvyè 2010 la, kote yo te ensiste sou bezwen ijan Ayiti ak pèp ayisyen an, pwomès Prezidan Obama fè pou pèp ameriken an pote yon sipò total-kapital bay gouvènman e pèp ayisyen an, konsènan ni efò kap fèt imedyatman pou remete peyi a sou pye l, ni efò alontèm pou rekonstwi li, ak angajman toulede Prezidan yo pran pou yo kowòdone asistans ant diferan pati konsène yo, san bliye gouvènman ayisyen an, Nasyonzini, Etazini ak plizyè patnè ak òganizasyon entènasyonal ki sou teren an;

Nan non gouvènman ak pèp ayisyen an, Prezidan Préval byen akeyi efò gouvènman ak pèp ameriken an ap fè ann Ayiti --efò ki esansyèl, dapre li, e kap apiye travay pou Ayiti rekanpe sou pye li imedyatman, pou l gen estabilite, avèk travay alontèm pou rekonstwi peyi a, e li mande Etazini pou li pote èd ki va nesèsè pou ranfòse sekirite a nan kad sipò Etazini ap bay gouvènman ak pèp ayisyen an, ansanm ak Nasyonzini, patnè e òganizasyon entènasyonal ki sou plas yo;

Nan non gouvènman ameriken an ak pèp ameriken an, Sekretè Deta Clinton reyafime entansyon Etazini genyen pou l sèvi ak asistans li, pou l kanpe bò kote pèp ayisyen an nan moman lap fè fas ak yon gwo kokenn trajedi; epi

Prezidan Préval ak Sekretè Deta Clinton mete tèt yo ansanm pou yo reyafime pwèn sa a: Gouvènman ayisyen an ak gouvènman ameriken an pral kontinye travay ansanm pandan yo toulede byen konprann nesèsite pou yo ankouraje efò sovtaaj, sekou, rechèch ak rekonstriksyon ki ofri maksimòm sekirite ak efikasite posib la.